



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 60 MILYON DOLA POU GRANMOUN AJE NAN YONKERS

La Mora Senior Apartments ki koute 44 milyon dola pral pote nouvo apatman abòdab nan South Yonkers nan bilding ki efikas an enèji

Rezidan nan devlopman 60 inite yo pral gen aksè ak sèvis swen sante, livrezon manje adomisil ak transpò

Bati sou efò istorik Gouvènè a pou elaji opòtinite pou lojman ki bay sipò nan tout Eta

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti La Mora Senior Apartments, yon bilding 60 inite abòdab, modèn ak trè efikas an enèji nan katye Hollow nan South Yonkers. Pwojè 44 milyon dola a te devlope an patenarya ak Otorite Lojman Minisipal Vil Yonkers (Municipal Housing Authority of the City of Yonkers, MHACY).

"La Mora Senior Apartments kreye opòtinite lojman abòdab ak sipò ke nou konnen ki se yon estrateji pwouve pou ede granmoun New York yo reyalize estabilite alontèm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an devwe pou rann eta nou an pi abòdab pou Nouyòkè yo, epi apatman sa yo pral bay granmoun aje yo opòtinite pou yo fè pati yon kominote vibran ki adapte ak bezwen yo."

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 4,500 lojman nan pri abòdab – ki gen ladan 300 ki gen rapò ak sèvis sipò – nan Konte Westchester. La Mora Senior Apartments kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral konstwi oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Sitiye nan South Yonkers, devlopman an te konstwi sou yon pasèl vid ki posede pa MHACY ki te yon fwa okipe pa Longfellow Junior High School. Bilding kat etaj la gen ladan 57 apatman ki gen yon sèl chanmakouche ak twa apatman ki gen de chanmakouche. Tout apatman yo pral nan pri abòdab pou rezidan ki gen 62 ane ak plis

ki gen revni yo ki nan 60 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

Amenajman yo gen ladan yon chanm kominotè ak kwizin, de chanm biznis, sant kon disyònman fizik, lesiv santral, Wifi nan tout bilding nan, inite depo, lakou peyizaje ak teras sou do kay la. Gen de asansè, yon antre sonò, yon sistèm apèl ijans, yon sistèm sekirite 24 èdtan, alam ak detektè kont ensandi, kontwòl aksè elektwonik ak pakin sifas rezève pou rezidan yo.

Rezidan yo pral gen aksè ak sèvis yo bay Biwo Yonkers pou Vyeyisman (Yonkers Office for the Aging), tankou jesyon ka, manje yo livre adomisil, asistans avèk pwogram sou dwa, transpò, pwogram sansibilizasyon sante, aksè ak sant nitrisyon, pwogram rekreyasyon ak egzèsis, ak Kowòdinasyon livrezon makèt ak famasi. Biwo pou granmoun aje ak Depatman Pwogram ak Sèvis pou Granmoun Aje nan Konte Westchester finanse sèvis yo.

Katye ki antoure a gen plizyè pak piblik ak yon teren gòlf, epi devlopman an toupre Lopital ak Sant Medikal St. Joseph.

La Mora Senior Apartments gen anpil efikasite an enèji, li satisfè kritè pou Pwogram Nouvo Konstriksyon - Lojman Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) lè li resevwa sètifikasyon Nouvo Konstriksyon Miltifamilyal ENERGY STAR(R), epi li ap chèche sètifikasyon Kay Pasif (Passive House). Tout apatman yo pral gen ladan enstalasyon plonbri avèk fèb sikilasyon, aparèy ENERGY STAR(R), chofaj ak refwadisman elektrik endividyèl ki gen gwo efikasite, ak ekleraj LED. Bilding lan gen yon anvlop ki gen gwo efikasite, fenèt izole avèk doub vitraj, ak yon sistèm santral chofaj ak distribisyon dlo cho. Yon jeneratè ijans asire ke sistèm yo nan bilding lan rete operasyonèl nan ka yon blakawout.

MHACY ak Mulford Corporation ap devlope ansanm La Mora Senior Apartments, yon sosyete devlopman charitab 501(c)(3) ki san bi likratif ke MHACY te kreye an 2004.

Finansman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la pou Mora Senior Apartments gen ladan 17.7 milyon dola nan Kredi Enpo Federal pou Lojman pou moun ki gen Revni Ba, yon premye ipotèk 7.9 milyon dola ak 9.1 milyon dola nan sibvansyon. Pwogram Nouvo Konstriksyon – Lojman NYSERDA te bay 240,000 dola ankourajman pou pwojè yo. Konte Westchester te finanse 3.4 milyon dola nan Fon Aplikasyon Lojman an epi vil Yonkers te bay 650,000 dola nan fon HOME. MHACY te bay yon prè 2.6 milyon dola.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Sa tèlman agreyab pou nou wè devlopman 44 milyon dola sa a fini e li pare, jis dezan apre inogirasyon an. Pwojè sa a pote 60 kay abòdab ak efikas an enèji nan Yonkers e se yon temwayaj sou fason nou apresye ak respekte granmoun aje nou yo. Remèsiman pou Gouvènè Hochul, vil Yonkers, MHACY ak anpil patnè ak metye nou yo ki te travay

avèk HCR pou rann sa a reyèl epi ede nou bay kalite opòtinite lojman ki pèmèt plis Nouyòkè viv nan kominote ak katye yo renmen yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Finisman La Mora Senior Apartments elaji aksè ak nouvo lavi abòdab, an sante ak konfòtab pou granmoun aje nan Yonkers. Lè yo enkòpore karakteristik efikasite enèji modèn atravè nouvo konstriksyon, bilding lan pral gen yon pi piti anprent kabòn, li pral pi rezistan fas ak klima epi li pral kontribye nan yon kominote ki pi pwòp, ki pi dirab."

Administratè Rejyonal HUD, Alicka Ampry-Samuel, te deklare, "Misyon prensipal HUD se amelyore lavi moun ak ranfòse kominote yo. La Mora Senior Apartments reyalize tou de objektif yo. Li pral bay granmoun aje yo yon lojman ki an sekirite, konfòtab ak dirab, pandan y ap revitalize katye Yonkers Hollow ki antoure a. Mwen kontan ak fyè de kontribisyon HUD nan finansman pwojè sa a epi felisite patnè nou yo paske yo ede yo fè lojman ki nesèsè ak enpòtan sa a rive reyalize."

Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "La Mora Senior Apartments pral asire ke plis granmoun aje ki gen revni fèb nan Yonkers gen opsyon lojman an sekirite, dirab, ak abòdab ansanm ak sèvis esansyèl yo. Devlopman sa a non sèlman adrese bezwen lojman nan popilasyon nou an ki aje, men tou, etabli yon referans pou efikasite enèji ak responsablite anviwònmanal. Lè nou entegre estanda konsepsyon ak konstriksyon avanse, n ap asire granmoun aje nou yo ka jwi kay konfòtab, an sekirite ak modèn pandan y ap kontribye nan yon avni ki pi vèt. Mwen fyè pou m dirije yon Sena Eta ki dedye a kreye plis lojman abòdab, soti nan apwouve plis pase 26 milyon dola nan finansman eta a pou pwojè sa a, rive nan plan lojman istorik ki te pase nan Bidjè Eta 2025 la."

Manm Asanble Nader J. Sayegh, te deklare, "Konsidere gwo bezwen kay abòdab nan kominote nou yo, La Mora Senior Apartments pral yon gwo adisyon nan Yonkers. La Mora Senior Apartments ki gen kalite pou satisfè nòm Passive House Institute la epi ki abòdab pou rezidan ki gen plis pase 62 ane se senbòl devlopman entelijan pou ede amelyore kominote nou yo. Antanke yon moun ki te wè pasèl tè La Mora Senior Apartments ki rete vid pandan plizyè deseni, li bon pou w wè yo sèvi ak li byen."

Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare, "Nou kontan pou nou finalman koupe riban sou La Mora Senior Apartments, yon nouvo devlopman lojman abòdab nan yon kote ki pa itilize depi lontan nan katye Hollow nan Yonkers. Etablisman kat etaj sa a pral kreye 60 apatman pou rezidan ki gen laj 62 ane oswa plis, epi li se youn nan sèl pwojè lojman abòdab nan nasyon an ki satisfè nòm Passive House Institute yo. Nou remèsye kòlèg nou yo nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS paske yo te konplete devlopman sa a, k ap bay nouvo kay modèn nan yon pri granmoun aje nou yo kapab peye."

Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare, "Gran ouvèti bèl nouvo devlopman lojman pou granmoun aje sa a se yon lòt egzanp sou fason Vil Yonkers ak Otorite

Lojman Yonkers ap travay ansanm pou revitalize katye nou yo ak jan kalite batisman lojman abòdab. Nou bat bravo pou konsepsyon dirab Passive House ki enkòpore nan konstriksyon an, ki ann amoni ak plan aksyon klima Vil la pou kwasans dirab. Remèsiman espesyal pou patnè federal, eta ak konte nou yo pou envestisman yo fè nan fè sa a vrèman vin yon devlopman transfòmatif."

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Otorite Lojman Yonkers la, Wilson Kimball, te deklare, "Kòporasyon Mulford la rekonesan anpil pou sipò finansye La Mora te resevwa nan tout nivo gouvènman an nan men Vil la, konte, eta ak gouvènman federal la. Pèmèt granmoun aje Yonkers yo aje an plas nan lojman ki pi fleksib posib se te klèman yon vizyon kolektif."

Direktè Egzekitif Chase Community Development Banking, Sharmi Sobhan, te deklare, "Nou fyè pou nou sipòte Mulford Corporation ak Otorite Lojman Yonkers la ki pote 60 nouvo inite lojman abòdab pou granmoun aje ki abite nan Yonkers. Pwojè sa a pral transfòme lavi lokatè yo ki kounye a gen aksè ak lojman dirab, ansanm ak ekipman esansyèl ak resous ki nesèsè pou pwospere ak reyisi."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)